



Pou Piblikasyon Imedya: 10/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE EKSPANSYON TRANSPÒ PIBLIK POU OGMANTE AKSÈ, PRI KI ABÒDAB AK SEKIRITE

MTA pral devlope "Tikè Vil (City Ticket)" ki enkli nan lè depwent yo, k ap bay kliyan LIRR ak Metro-North yo yon tarif inik ki ba, nan Vil New York

Anonse Interborough Express ap vanse pou pi devan lè li itilize metwo ki lejè apre planifikasyon ak etid anviwònmantal la

Inisyativ "Mobilite Inovon" 10 milyon dola a ap devlope transpò piblik rejyonal la nan Otirite transpò ki pa MTA yo

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse nan kad Diskou sou Sitiyasyon Eta a an 2023, yon seri aksyon pou devlope transpò piblik New York la, pandan l ap rann li pi sekirize, pi abòdab, epi aksesib pou tout moun. Sa enkli nouvo finansman ki konsakre pou otorite transpò ki pa MTA yo pou devlope sèvis kliyan, yon modènizasyon nan Interborough Express, ak ekspansyon Tikè Vil la 24/24.

"Mwen angaje pou rann sistèm transpò piblik nou an pi aksesib, abòdab, epi sekirize," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Aksyon sa yo ap apiye siksè nou epi ogmante aksè nan resous transpò piblik yo pou Nouyòkè yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare, "Pwogrese ak Metwo Lejè pou Interborough Express vle di pi bon aksè nan travay, edikasyon, ak opòtinite ekonomik pou kèk 900,000 Nouyòkè nan Queens ak Brooklyn. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan pwojè pasyonan sa epi mwen pa ka tann pou travay ak pati ki konsène ak kominote lokal yo pou fè pwojè ki pwopoze a vanse pou pi devan."

Elaji Tikè Vil la ki enkli nan lè depwent yo

Gouvènè Hochul jodi a ke Tikè Vil MTA ki bay kliyan Metro-North ak Long Island Railroad aksè nan tarif inik, nan pri ki ba pou deplase nan Vil New York pandan lè ki pa lè depwent yo, ap elaji pou enkli lè depwent yo pou yon pri modès. Ekspansyon sa ap ede pasaje ak touris nan Vil New York yo anpil, epi l ap benefisye plis pase 10,000 trajè an mwayèn pa semèn.

[Nouvo Komite New York la ke Gouvènè Hochul ak Majistra Adams](#) te konvoke a te rekòmande ekspansyon Tikè Vil la kòm yon etap esansyèl pou ogmante itilizasyon tren an nan Vil la epi akselere retou New York la. Aktyèlman, depasman nan tren nan lè depwent yo ka koute jiska 10.75 dola, yon pri ki chè anpil pou sa ki souvan yon trajè ki pi kout anpil pa rapò ak bis oswa metwo.

Ekspansyon sa ap diminye depans pou rezidan Wakefield ak Woodlawn nan Nòdès Bronx yo anpil, ansanm ak rezidan Hunts Point, Parkchester/Van Nest, Morris Park, ak Co-Op City, kote [Gouvènè Hochul te inogire](#) nouvo estasyon Metro-North yo nan desanm 2022. Nan Sidès Queens, ekspansyon Tikè Vil la ap benefisye dirèkteman rezidan Rosedale ak Laurelton, pandan l ap devlope sant minisipalite ki pi lwen yo nan Fordham, Jamaica ak Flushing.

Interborough Express

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke pwojè Interborough Express la ap vanse pou pi devan lè li itilize metwo ki lejè apre yon etid Planifikasyon ak Lyen anviwònmanal yo. [Pwojè transpò piblik ki pote transfòmasyon, ki te anonse nan Diskou Gouvènè a sou Sitiyasyon Eta a an 2022 a](#), ap konekte kominote nan Brooklyn ak Queens ak 17 liy metwo ak Long Island Rail Road, epi l ap diminye tan depasman ant de minisipalite yo anpil sou yon koridò 22 kilomèt.

Interborough Express la ap sèvi ak dwa pasaj ki egziste deja nan Bay Ridge Branch la ak Fremont Secondary - yon liy bato ki pase Bay Ridge rive Jackson Heights - ki konekte divès katye nan tout Brooklyn ak Queens. Lè nou tire konklizyon de Etid Planifikasyon an, MTA te detèmine mwayen transpò ki pi efisyan an, te kreye yon lis estasyon preliminè, epi te fè lòt planifikasyon enpòtan ak analiz enjenyeri pou fè pwojè a avanse.

Planifikasyon ki elaji ak analiz enjenyeri ke yo te mete aksan sou li nan Etid Planifikasyon an sipòte desizyon MTA a anpil pou chwazi metwo ki lejè paske sa t ap bay pi bon sèvis pou kliyan yo nan pri ki pi ba pa pasaje. Faktè kle pou desizyon sa genyen ladan l:

- **Kapasite:** Akselerasyon rapid metwo lejè a ak tan pou rete ki kout la rann li pi rapid nan twa opsyon yo. Metwo lejè a, konbine ak tren ki ka adapte pou 360 moun ka reponn demann lan konplètman.
- **Fyabilite:** Depi li ka fonksyone nan ray tren ki egziste yo touswit nan 96 pousan koridò a, pito pase nan ri sifas yo, metwo lejè a ap bay sèvis ki fyab.
- **Kapasite konstriksyon:** Veyikil metwo lejè yo pi piti, pi fleksib, adapte nan limit koridò ki egziste a. Li ka kouri nan lari a tou pou distans ki kout, k ap pèmèt li evite konstriksyon yon tinèl ki konplike epi ki koute chè nan yon pwen arè kle.
- **Espesyalizasyon veyikil** Yo ka jwenn veyikil metwo lejè yo nan fason "enpwovize" san modifikasyon epi yo ka atire yon seri founisè potansyèl diferan pase stòk woulman MTA tradisyonèl la.

- **Depans relatif:** Gras ak depasman elve 115,000 pasaje pa jou lasemèn ki pwojite a, ak bidjè konstriksyon ki benefik 5 milya dola a, metwo leje a ofri pi bon valè ak yon depans 48,173 pa depasman pa jou.

Etid Planifikasyon an endike jiska 115,000 pasaje pa jou lasemèn ta itilize liy 22 kilomèt la ak apeprè 34.6 pasaje chak ane. Tan vwayaj ant Brooklyn ak Queens ka redwi jiska 30 minit nan chak sans, tou depann de distans vwayaj la. Interborough Express t ap yon gwo pwogrè pou egalite nan sistèm transpò piblik la. Sèt moun sou 10 nan moun li sèvi yo se ap moun koulè, apeprè mwaye ap soti nan fanmi ki pa gen machin, epi apeprè yon tyè ap viv nan kay ki nan nivo oswa pi ba pase 150 pousan Sèy Povrete Federal la.

Estasyon preliminè ki enkli nan Etid Planifikasyon yo ta konekte Interborough Express la ak 17 liy metwo, ki se liy **2/3/5/7/A/B/C/D/E/F/J/L/M/N/Q/R/Z**. Nouvo estasyon sa yo t ap bay anpil benefis pou katye ki divèsifye tankou Bay Ridge, Sunset Park, Borough Park, Kensington, Midwood, Flatbush, Flatlands, New Lots, Brownsville, East New York, Bushwick, Ridgewood, Middle Village, Maspeth, Elmhurst ak Jackson Heights. Pwojè a ta gen ladan plizyè nouvo koneksyon nan katye ki kounye a manke koneksyon efikas youn ak lòt, ak nan kèk ka, nan Manhattan.

Sèvis yo pwopoze a ta fonksyone nan entèval jiska senk minit pandan peryòd ki chaje yo, ak entèval nan moman ki pa chaje jiska 10 minit nan lòt lè nan jounen an. Kantite estasyon ak kote sou tout koridò 22 kilomèt la te konseptyalize tou nan kad Etid Planifikasyon aktyèl la.

Kontribisyon piblik la te jwe yon wòl enpòtan nan Etid Planifikasyon avanse a. MTA a te fè yon rankont nan meri a ane pase a epi li te resevwa plis pase 700 kòmantè sou sitwèb li a sou yon peryòd si mwa. Sansibilizasyon piblik la ap kontinye pandan pwojè a ap pwogrese.

Inisyativ Mobilite Inovatif

Jodi a Gouvènè Hochul Inisyativ Mobilite Inovatif an, k ap bay 10 milyon dola finansman pou otorite transpò piblik ki pa MTA yo devlope òf sèvis yo. Inisyativ sa ap sipòte trajè ki fè fas ak baryè pou gen aksè nan transpò piblik tradisyonèl yo lè li finanse kreyasyon nouvo altènativ transpò oswa pwodui teknolojik.

Inisyativ pilòt sou senk an an ap alwe 1 milyon dola pou chak nan sèt gwo sistèm ki pa MTA yo, epi sistèm ki piti yo ap kalifye ansanm pou yon finansman sou konpetisyon 3 milyon dola. Fon sa yo ka itilize pou:

- Kontrepati pou fon federal yo jiska 20 pousan
- Achte nouvo teknoloji pou depasman lokal pa aplikasyon oswa peman tarif
- Achte veyikil ki pi piti pou transpò adapte
- Tabli epi devlope pwodui mikwo transpò ak transpò adapte

Inisyativ sa ap ede pasaje transpò piblik atravè eta yo anpil, pandan l ap fè egalite avanse epi pwodui pi bon rezilta anviwònmanal.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418